

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Lokasi jeung Subjék Panalungtikan

3.1.1 Lokasi

Ieu panalungtikan téh dilaksanakeun di SMA Pasundan 2 Bandung nu alamatna di Jl. Cihampelas No. 167, Telepon/Fax 2030093, Bandung 40131.

3.1.2 Populasi jeung Sampel

3.1.2.1 Populasi

Riduwan (2009, kc. 54) nétélakeun yén nu dimaksud populasi nyaéta objék atawa subjék nu aya dina hiji wilayah kalayan nyumponan sarat-sarat tinangtu nu patali jeung masalah panalungtikan. Dumasar kana éta pamadegan, ku kituna panulis ogé bisa nétélakeun yén nu jadi populasi dina ieu panalungtikan téh nyaéta siswa kelas X SMA Pasundan 2 Bandung taun ajaran 2013/2014. Kalayan rincianana ditétélakeun ieu di handap.

Tabél 3.1
Populasi Kelas X SMA Pasundan 2 Bandung

Kelas	Awéwé	Lalaki	Jumlah (f)
X-1	8	9	17
X-2	17	15	32
X-3	18	16	34
X-4	22	14	36
X-5	16	18	34
X-6	20	16	36
X-7	23	12	35
Jumlah			224

3.1.2.2 Sampel

Riduwan (2009, kc. 56) nétélakeun yén nu dimaksud sampel nyaéta bagian tina populasi nu mibanda ciri-ciri atawa kaayaan tinangtu nu baris ditalungtik. Téhnik nu dipaké pikeun nangtukeun nu jadi sampel pikeun ieu panalungtikan téh nyaéta maké téhnik *probability sampling* kalayan ngagunakeun cara *simple random sampling* nyaéta cara nangtukeun sampel dumasar kana anggota populasi kalayan maké sistem acak ku cara ngundi sakabéh kelas, tur teu merhatikeun strata atawa tingkatan éta anggota populasi. Dumasar kana hasil undian, sampel dina ieu panalungtikan nyaéta siswa kelas X-2 jeung X-3 SMA Pasundan 2 Bandung taun ajaran 2013/2014, kalayan rincianana ditétélakeun ieu di handap.

Tabél 3.2
Sampel Panalungtikan Siswa Kelas X SMA Pasundan 2 Bandung

Kelas	Awéwé ♀	Lalaki ♂	Jumlah (f)	Ket.
X-2	17	15	32	Kelas kontrol
X-3	18	16	34	Kelas ékspérimén

3.2 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta *The Randomized Posttest Only Control Group Design*, nyaéta panalungtikan nu nangtukeun sampel sacara random. Dina Syamsuddin jeung Damaianti (2011, kc. 159) ditétélakeun yén ieu desain téh rancanganana dijieun acak kalayan nyoko kana tés ahir pikeun meunteunna. Dina ieu desain, aya dua kelompok, nyaéta kelompok ékspérimén (nu dibéré perlakuan ngagunakeun média gambar séri) jeung kelompok kontrol (nu teu dibéré perlakuan). Dua kelompok éta téh ditalungtik bébédana dumasar kana tés nu ngan diayakeun sakali, nyaéta tés nu satuluyna dijadikeun posttest. Éta tés téh jadi acuan dina nangtukeun bébédana dumasar kana ayana perbédaan perlakuan. Nu jadi kelompok kontrol atawa nu teu maké média gambar (R), diayakeun tés bari teu dibéré perlakuan (X_2) dina

posttest (O_2). Satuluyna, nu kaasup kana kelompok ékspérimén atawa kelompok nu maké média gambar (R), tuluy diayakeun tés kalayan dibéré perlakuan (X_1) ku cara maké média gambar séri dina *posttest* (O_1). Nu dina ahirna hasil tés ti dua kelompok éta téh dibandingkeun kaéfektivanana, leuwih onjoy kénéh kelompok nu maké média gambar séri atawa nu teu maké média gambar séri.

Sacara umum, modél *The Randomized Posttest Only Control Group Design* téh bisa dijieun skémana saperti kieu:

Katerangan:

R = Kelompok nu dipilih sacara random

X_1 = perlakuan ku cara ngagunakeun média gambar séri

X_2 = tanpa perlakuan ngagunakeun média gambar séri

O_1 = tés kelompok nu dibéré perlakuan

O_2 = tés kelompok nu teu dibéré perlakuan

R	X_1	O_1
R	X_2	O_2

3.3 Méthode Panalungtikan

Méthode nu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nyaéta ékspérimén murni kalayan ngagunakeun kelas kontrol jeung kelas ékspérimén. Nurutkeun Sukardi (2003) (dina Syamsudin & Damaianti, 2011, kc. 22), ieu méthode téh mangrupa méthode inti alatan dilaksanakeun kalayan kudu nyumponan tilu sarat, nyaéta kagiatan ngontrol, ngamanipulasi, jeung ngaobsérvasi. Méthode ieu téh dipaké pikeun ngukur éféktivitas dina ngagunakeun média gambar pikeun ngaronjatkeun kamampuh nyarita (ngadongéng) di SMA kelas X.

3.4 Variabel jeung Wangenan Operasional

3.4.1 Variabel Panalungtikan

Nurutkeun Arikunto (2010, kc. 161) variabel téh nyaéta objék panalungtikan atawa naon waé nu jadi titik *perhatian* dina hiji panalungtikan. Variabel dina

panalungtikan kabagi jadi dua, nya éa variabel *penyebab* nu sok disebut ogé variabel bébas atawa *independent variable* (X), jeung variabel *akibat* sok disebut ogé variabel kauger atawa *dependent variable* (Y).

Dumasar kana bagbagan varibel nu dipedar di luhur, média gambar séri dina ieu panalungtikan téh kaasup kana variabel bébas (variabel X), sabab média gambar séri dina ieu panalungtikan mangrupa variabel *penyebab* atawa variabel nu bisa mangaruhan kana variabel séjén, ari kamampuh ngadongéng dina ieu panalungtikan kaasup kana variabel kauger (variabel Y), sabab kamampuh ngadongéng mangrupa variabel *akibat* atawa variabel nu dipangaruhan ku variabel séjén.

3.4.2 Wangenan Operasional

Sangkan teu aya kasalah pahaman pamaca dina nafsirkeun ieu panalungtikan, panulis ngajéntrékuen ieu judul dina wangenan operasional.

a. Média Gambar Séri

Média gambar séri dina ieu panalungtikan téh nyaéta salasahiji jenis média grafis dina wangun gambar nu ngaruntuy (berurutan) tina hiji adegan kana adegan séjénna, nu digunakeun pikeun ngaronjatkeun kamampuh ngadongéng di kelas X. Ieu média téh dilarapkeun ka kelas nu dijadikeun jadi kelas ékspérimén.

b. Kamampuh Ngadongéng

Dina ieu panalungtikan, kamampuh ngadongéng téh nyaéta kamampuh atawa kaparigelan dina nyaritakeun deui eusi dongéng atawa carita rékaan séjénna sacara lisan, kalayan merhatikeun kana sababaraha faktor nu ngarojong kaéféktifan panyatur dina ngadongéng. Faktor nu dimaksud nyaéta faktor nu patali jeung kabasaan kayaning lafal, lentong, jeung pamahaman eusi. Lian ti éta, aya ogé nu kaasup kana faktor non kabasaan kayaning éksprési, réngkak jeung peta.

Kamampuh ngadongéng téh nu jadi objék ulikan dina ieu panalungtikan, nu dilarapkeun ka siswa SMA Pasundan 2 Bandung kelas X-2 jeung X-3,

kalayan ngabandingkeun antara kamampuh ngadongéng kelas nu ngagunakeun média gambar séri, jeung kelas nu teu ngagunakeun média gambar séri.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén nu digunakeun dina ieu panalungtikan téh nyaéta instrumén tés objéktif dina wangun tés nu mangrupa tés *performansi*. Kuswari (2010, kc. 196) nétélakeun maksud pikeun maluruh kamampuh siswa dina ngagunakeun basa dina ngalakukeun komunikasi atawa némbongkeun aktivitas makéna basa. Tés *performansi* ieu téh dilakukeun ku cara ngayakeun tés lisan (prakték ngadongéng) dihareupeun kelas nu nekenkeun sangkan siswa bisa ngadongéng dumasar kana gambar-gambar nu geus disadiakeun. Ieu téhnik téh digunakeun lian ti nekenkeun kana kamampuh siswa dina nyarita, digunakeun ogé pikeun ngukur kumaha bédana kamampuh siswa nu dibéré perlakuan kalayan maké média gambar séri jeung nu teu dibéré perlakuan maké média gambar séri.

Dumasar kana kagunaan instrumén panalungtikan, tangtuna ayana instrumén panalungtikan ieu téh digunakeun pikeun ngukur niléi variabel nu baris ditalungtik. Instrumén dina ieu panalungtikanana téh aya instrumén panalungtikan pikeun kelas kelas kontrol nyaéta nu teu ngagunakeun média gambar séri, jeung instrumén panalungtikan pikeun kelas ékspérimén nyaéta kelas nu ngagunakeun média gambar séri. Instrumén nu dimaksud téh nyaéta ieu di handap.

Tabél 3.3
Format Tés Ngadongéng Kelas Kontrol
(nu teu ngagunakeun média gambar séri)

Pancén kelompok

Pék baca téks dongéng nu geus dibagikeun ka unggal kelompok, tuluy engké praktékeun ngadongéngna di hareupeun kelas, kalayan katangtuanana saperti ieu di handap.

1. Unggal anggota kelompok nu masing-masing kelompokna aya genep urang, kudu ngadongéng di hareupeun kelas dumasar judul dongéng nu geus dibagikeun ka unggal kelompok.

2. Unggal anggota kelompok, ngadongéng dumasar adegan nu geus ditangtukeun.
3. Ngadongéngna kudu ngaruntuy dumasar adegan nu aya dina éta dongéng.
4. Ngadongéngna teu ngagunakeun média atawa alat peraga nanaon, kaasup téks dongéng nu geus dibagikeun saméméhna.
5. Ngadongéngna dumasar kana basa sorangan, ulah gumantung kana téks dongéng nu geus dibagikeun saméméhna.
6. Aspék nu dipeunteun dina ngadongéngna nyaéta:
 - a. lafal,
 - b. lentong,
 - c. pamahaman eusi,
 - d. éksprési,
 - e. réngkak jeung peta.

Tabél 3.4
Format Tés Ngadongéng Kelompok Ékspérimén
(nu ngagunakeun média gambar séri)

Pancén kelompok

Pék baca téks dongéng nu geus dibagikeun ka unggal kelompok, tuluy engké praktékeun ngadongéngna di hareupeun kelas, kalayan katangtuanana saperti ieu di handap.

1. Unggal anggota kelompok nu masing-masing kelompokna aya genep urang, kudu ngadongéng di hareupeun kelas dumasar judul dongéng nu geus dibagikeun ka unggal kelompok.
2. Unggal anggota kelompok, ngadongéng dumasar adegan nu geus ditangtukeun.
3. Ngadongéngna kudu ngaruntuy dumasar adegan nu aya dina éta dongéng.
4. Ngadongéngna ngagunakeun média gambar séri nu geus dibagikeun dumasar kana unggal adegan, pikeun alat bantu.
5. Ngadongéngna dumasar kana basa sorangan, ulah gumantung kana téks dongéng nu geus dibagikeun saméméhna, iwal ngacu kana média gambar séri nu geus dibagikeun.
6. Aspék nu dipeunteun dina ngadongéngna nyaéta:
 - a. lafal,
 - b. lentong,
 - c. pamahaman eusi,
 - d. éksprési,
 - e. réngkak jeung peta.

Luyu jeung instrumén nu dipedar di luhur, nu jadi skala acuan pikeun ngukur niléi variabel nu ditalungtik nyaéta

Tabél 3.5
Kisi-kisi Kritéria nu Diajén

No	Aspék	Sasaran
1	Kabasaan	Lentong
		Lafal
		Pamahaman eusi
2	Non kabasaan	Éksprési
		Réngkak jeung peta

Tabél 3.6
Format Meunteun Ngadongéng

Wasta :
Kelas :

Sasaran	Aspek	Kriteria	Skala
Basa	a. Lafal	Jelas	50-100
	b. lentong (tekanan, wirahma, randegan)	Merenah	50-100
Eusi	a. pamahaman eusi	Paham	50-100
Tehnik / sikep	a. éksprési	Éksprésif	50-100
	b. réngkak jeung peta	saregep, merenah	50-100
Jumlah			

Keterangan :

Skor maksimal keur tés ngadongéng téh nyaéta 500. Éta skor téh hasil tina dua aspék anu jadi acuan meunteun, nyaéta aspék kabasaan jeung aspék non kabasaan. Aspék kabasaan ngawengku lafal, lentong, jeung pamahaman eusi. Ari aspék non kabasaan ngawengku éksprési, réngkak jeung peta. Sakabéh aspék éta téh bobot niléina nyaéta ti 50 nepi ka 100. Skor pangleutikna nyaéta 50, panggedéna nyaéta

100. Déskripsi tina kritéria aspék peunteun kamampuh ngadongéng nu aya di luhur didadarkeun ieu di handap.

Tabél 3.7
Kritéria Aspék Peunteun Ngadongéng

No	Aspék	Sasaran	Katégori	Indikator	Skor
1	Kabasaan	Lentong	Kurang	Loba lentong nu teu merenah	50-60
			Kurang	Rada sering ngagunakeun lentong teu merenah	61-70
			Sedeng	Aya saeutik lentong nu kurang merenah	71-80
			Hadé	Lentongna alus, teu loba méngpar, méh sampurna	81-90
			Hadé pisan	Lentongna merenah, sampurna	91-100
		Lafal	Kurang pisan	Loba kasalahan	50-60
			Kurang	Kasalahan dina lafal rada sering	61-70
			Sedeng	Aya kasalahan saeutik dina lafal	71-80
			Hadé	Lafalna alus, teu loba méngpar, méh sapurna	81-90
			Hadé pisan	Lafal unggal sora beresih, jelas, euweuh kasalahan, sampurna	91-100
		Pamahaman eusi	Kurang pisan	Teu paham kana eusi dongéng	50-60
			Kurang	Kurang paham kana eusi dongéng	61-70

			Sedeng	Aya saeutik bagian nu rada teu paham	71-80
			Hadé	Maham kana eusi dongéng, ngadeukeutan sampurna	81-90
			Hadé pisan	Maham pisan kana eusi dongéng, sampurna	91-100
2	Non kabasaan	Éksprési	Kurang pisan	Euweuh éksprési pisan	50-60
			Kurang	Rada aya éksprési	61-70
			Sedeng	Lumayan bisa némbongkeun éksprési	71-80
			Hadé	Bisa éksprésif, ngadeukeutan sampurna	81-90
			Hadé pisan	Éksprésif	91-100
		Réngkak jeung peta	Kurang pisan	Loba réngkak jeung peta nu teu merenah	50-60
			Kurang	Réngkak jeung peta rada sering teu merenah	61-70
			Sedeng	Aya saeutik réngkak jeung peta nu teu merenah	71-80
			Hadé	Réngkak jeung peta teu kaleuleuwihi	81-90
			Hadé pisan	Réngkak jeung peta alus pisan, teu kaleuleuwihi, saregep, merenah	91-100

3.6 Tékhnik Ngumpulkeun Data

Dina prak-prakan ngumpulkeun data pikeun ieu panalungtikan dilaksanakeun ku cara ngagunakeun tehnik tés. Tés nu dilaksanakeun dina ieu panalungtikan dilaksanakeunana ngan dina sakali lawungan, nyaéta ku cara ngabandingkeun hasil tés di dua kelas, di kelas kontrol jeung di kelas ékspérimén. Anapon prak-prakan ngumpulkeun datana dilaksanakeun ku cara:

- Asup ka kelas kontrol, tuluy ngalakukeun tés.
- Asup ka kelas ékspérimén, ngajelaskeun téhnik ngadongéng maké média gambar séri;
- Ngalakukeun tés di kelas ékspérimén.

3.7 Téhnik Nganalisis Data

Sanggeus data kakumpulkeun kabéh, tuluy data diolah pikeun mikanyaho jawaban tina pasualan-pasualan nu aya dina ieu panalungtikan. Data nu diolah nyaéta hasil data ti kelompok kontrol jeung kelompok ékspérimén.

3.7.1 Analisis Hasil Tés

- Mariksa hasil tés ngadongéng siswa kelas kontrol jeung kelas ékspérimén;
- Méré peunteun kana hasil tés siswa. Anu tujuanana pikeun mikanyaho rata-rata peunteun siswa, kalawan maké rumus:

$$P = \frac{\sum B}{\sum KT} \times 100$$

Keterangan:

P = Peunteun

$\sum B$ = Peunteun anu kahontal

$\sum KT$ = Peunteun Maksimal

Kategori = Peunteun > 75, siswa dianggap mampu ngadongéng

Peunteun < 75, siswa dianggap can mampu ngadongéng

Tabel 3.8
Peunteun Tés

No	Kode Siswa	Skor (50-100)					Σ	Skor Akhir	Kategori
		A	B	C	D	E			
1									
2									
3									
....									

Katerangan:

A = Lafal

B = Lentong

C = Pamahaman Eusi

D = Éksprési

E = Réngkak, jeung Peta

3) Data peunteun siswa tuluy dianalisis.

3.7.2 Uji Sipat Data

Uji sipat data ngawengku uji normalitas jeung uji homogénitas. Uji normalitas dina ieu panalungtikan dilakukeun pikeun nangtukeun distribusi data, normal atawa henteuna éta data, ari uji homogénitas dilakukeun pikeun maluruh homogénitas data niléi siswa.

3.7.2.1 Uji Normalitas

Uji normalitas téh dilaksanakeun pikeun maluruh normal atawa henteuna data tina hasil panalungtikan. Uji normalitas téh ngaliwatan sababarah léngkah ieu di handap.

a. Nangtukeun rentang skor (r)

$$r = \text{skor pangluhurna} - \text{skor panghandapna}$$

(dina Sudjana, 2005, kc. 91)

- b. Nangtukeun kelas interval (K)

$$K = 1 + 3,3 \log N$$

(dina Sudjana, 2005, kc. 47)

- c. Nangtukeun panjang kelas interval (P)

$$P = \frac{r}{K}$$

(dina Sudjana, 2005, kc. 47)

- d. Nangtukeun derajat kabébasan

$$dk = k - 3$$

- e. Nyieun tabél distribusi frékuénsi peunteun

Tabél 3.9

Distribusi Frékuénsi Peunteun

Peunteun(X)	F	f.X	$x=(X-\bar{x})$	f.x	$f.x^2$
Σ					

- f. Nangtukeun rata-rata skor

$$\bar{X} = \frac{\Sigma f.X}{N}$$

(dina Sudjana, 2005, kc. 67)

- g. Ngitung standar déviiasi

$$sd = \sqrt{\frac{n \Sigma f x^2 - (\Sigma f x)^2}{n(n-1)}}$$

- h. Nyieun tabél perhitungan Chi kuadrat

Tabél 3.10

Perhitungan Chi Kuadrat

Kelas Interval	Oi	BK		Z		Z _{tabél}		L	Ei	$\frac{(O_i - E_i)^2}{E_i}$
		Handap	Luhur	1	2	1	2			
χ^2										

Saupamana $x^2_{itung} < x^2_{tabel}$ hartina distribusi skor normal, sabalikna lamun $x^2_{itung} > x^2_{tabel}$ hartina distribusi skor teu normal.

(dina Sudjana, 2005, kc. 273)

3.7.2.2 Uji homogenitas

Uji homogenitas dilakukeun pikeun maluruh homogén atawa henteuna variansi sampel tina populasi nu sarua. Pikeun nangtukeun éta hal, ngaliwatan léngkah-léngkah ieu di handap:

a. Ngitung skor variabel masing-masing:

- 1) Variansi kelas kontrol
- 2) Variansi kelas ékspérimén

b. Variansi masing-masing kelompok

- 1) Variansi kelas kontrol

$$S_1 = \frac{n \sum f x^2 - (\sum f x)^2}{n(n-1)}$$

(dina Sudjana, 2005, kc. 94)

- 2) Variansi kelas ékspérimén

$$S_2 = \frac{n \sum f x^2 - (\sum f x)^2}{n(n-1)}$$

(dina Sudjana, 2005, kc. 94)

- 3) Ngitung distribusi F

$$F = \frac{S_1}{S_2}$$

(dina Sudjana, 2005, kc. 249)

- 4) Ngitung derajat kabébasan

$$dk_1 = n - 1$$

$$dk_2 = n - 1$$

- 5) Nangtukeun $F_{\text{tabél}}$
- 6) Uji homogénitas
 $F_{\text{itung}} < F_{\text{tabél}}$ hartina variansi sampel homogén, tapi saupama
 $F_{\text{itung}} > F_{\text{tabél}}$ hartina data teu homogén.

Nangtukeun $F_{\text{tabél}}$ kalayan tingkat kapercayaan 99%

3.7.2.3 Uji hipotés

a. Ngitung t

$$t = \frac{\bar{X}_2 - \bar{X}_1}{\sqrt{\frac{SD_2^2}{N} + \frac{SD_1^2}{N}}}$$

Katerangan :

\bar{X}_2 = rata-rata kelas ékspérimén

\bar{X}_1 = rata-rata kelas kontrol

SD_2^2 = standar deviasi kelompok ékspérimén

SD_1^2 = standar deviasi kelompok kontrol

N = jumlah siswa

b. Ngitung dk

$$dk = N_1 - N_2 - 2$$

$t_{\text{itung}} < t_{\text{tabél}}$ hartina parobahan signifikan

$t_{\text{itung}} > t_{\text{tabél}}$ hartina parobahan teu signifikan